

KÒD TRAVAY EKITAB

Asosyasyon pou Travay Ekitab ki rele ann anglè Fair Labor Association (FLA) an defini nòm pou fè respekte dwa travayè nan faktori epi eksplwatasyon agrikòl. Kòd Travay Ekitab lan baze sou nòm Òganizasyon Entènasyonal Travay lan epi sou dwa moun ki rekonèt nan kominote entènasyonal lan. Konpayi ki manm nan FLA yo dakò pou respekte nòm nan lye travay yo nan chèn apwovizyonman mondyal yo pou kapab pwoteje dwa travayè yo epi fè faktori avèk eksplwatasyon agrikòl yo vin pi bon kote pou moun travay.



ELEMAN KOD LAN	DESKRIPSYON
RELASYON TRAVAY LAN	Anplwayè yo dwe adopte e adere ak règ epi kondisyon travay yo ki respekte travayè yo epi, omwen, proteje dwa yo dapre lwa ak règleman nasyonal e entènasyonal yo sou sekirite sosyal ak travay.
PA GEN DISKRIMINASYON	Okenn moun pa dwe sibi diskriminasyon nan travay kit nan rekritman, salè, promosyon, disiplin, revokasyon oubyen retrèt sou baz sèks, ras, relijyon, laj, kapasite fizik, oryantasyon seksyèl, nasyonalite, opinyon politik, group sosyal ak orijin etnik.
AGRESYON OUBYEN ABI	Chak anplwaye dwe jwenn respè ak diyite. Okenn anplwaye pa dwe sibi agresyon ou abi fizik, seksyèl, psikolojik ou vèbal.
MENDEV	Pa dwe gen travay fòse, kit travay nan prizon, kit sou kontra, ou tout lòt fòm travay fòse.
TRAVAY TIMOUN	Pèsonn pa dwe travay pi ba pase laj 15 an oubyen pi ba pase peryòd skolarite obligatwa a ki li menm pi wo pase laj sa.
LIBETE POU OGANIZE YO ANSANM E NEGOSYE ANSANM	Anplwayè yo rekonèt e respekte dwa anplwaye yo pou òganize yo an group e negosye ansanm.
LASANTE, SEKIRITE AK ANVIWONNMAN	Anplwayè yo dwe bay on anviwonman travay ki an sekirite e ki respekte kondisyon liyèn, ki vize anpeche aksidan ak blese ki soti, lye, oubyen rive pandan travay lan oubyen nan fonksyonman espas travay lan. Anplwayè yo dwe pran mezi responsab pou diminye tout enpak negatif espas travay lan ka gen sou anviwonman an.
ORE TRAVAY	Anplwayè yo pa dwe mande travayè yo pou yo travay plis pase lè nòmal ak lè siplemantè peyi kote travayè yo ye an pèmèt li. Orè nòmal pou on semèn pa dwe depase 48 èdtan. Anplwayè yo dwe pèmèt anplwaye gen omwen on jounen konplè pou repose yo apre 7 jou travay. Tout travay siplemantè dwe on bagay tou de pati yo dakò sou li. Anplwayè yo pa dwe mande siplemantè twò souvan e yo dwe rekonpase l ak yon prim. Sof nan kèk ka eksepsyonèl, total lè nomal ak siplemantè yo pa dwe depase 60 èdtan nan on semèn.
KONPANSASYON	Tout travayè gen dwa pou resevwa on konpansasyon pou on semèn travay nan on nivo ki kapab satisfè bezwen fondamantal travayè yo e ba yo on antre. Anplwayè yo dwe peye omwen salè minimòm lan oubyen on salè apropriye ki kapab pi wo pou reponn ak egzijans legal yo sou salè yo epi bay nenpòt ki maj avantaj lalwa oubyen kontra a egzije. Lè konpansasyon an pa satisfè bezwen fondamantal travayè yo ni bay on antre, tout anplwayè dwe travay ak FLA pou pran bon jan mezi pou chèche reyalize yon nivo konpansasyon k ap fè sa progresivan.